

PLAN: Mattapan Pake Done

Kontni ak objektif Pake a

An preparasyon pou atelye travay kap vini yo, ekip Rechèch ak Planifikasyon BPDA te konpile yon pake inisyal sou kondisyon ki egziste deja nan demografik katye, lojman ak travay.


Done ki isit la chita sou kondisyon ki egziste deja sou demografik, lojman, ak djòb nan Mattapan. Nan atelye travay ki pral vini yo, nou pral revize kolektivman enfòmasyon sa a pou dekouvri modèl ak tandans nan lojman ak travay nan kominote Mattapan lan. Apresa nou pral itilize sa nou dekouvri a pou kòmanse ekri valè pataje pou PLAN: Mattapan.

Dokiman sa a gen entansyon pou bay yon imaj sou kominote Mattapan e li pa konplè. Lè lòt done enpòtan yo vin disponib, ekip Rechèch ak Planifikasyon BPDA a pral mete pake sa ajou.

Lòt Resous

Enfòmasyon sou PLAN an: Ou ka jwenn pwosesis Mattapan sou sitwèb nou an nan <http://bit.ly/PlanMattapan>

Pou w aprann plis sou zonaj aktyèl ak pwopriyetè aktyèl yo nan Zòn Etid la, itilize vizyalizatè zonaj nou an nan (<http://www.bostonplans.org/zoning>). Yo siyale pwopriyetè yo nan Depatman Evalyasyon Boston.



Figi 1: Seleksyon kat nan sektè resansman, delimitè an koulè oranj, ki sipèpoze nan zòn Etid la (detèmine an ble) nan Mattapan. Tanpri gade “Zòn Etid ak Gwoup Blòk Resansman” nan Glosè a pou jistifikasyon sektè resansman.

Sous: U.S. Census Bureau, 2013-2017 Estimasyon sou Sondaj Kominotè Ameriken, Analiz Divizyon Rechèch BPDA

Fè rapid

- 8.870 hogares en Mattapan
- 25.590 gentè en Mattapan
- 669.160 gentè en Boston

Glosè Tèm yo

Sondaj Kominotè Ameriken (ACS)

Pifò nan enfòmasyon demografik yo ki nan pake a soti nan Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey (ACS)]. ACS la kolekte sèlman enfòmasyon nan yon echantiyon, oswa yon soutès nan popilasyon total la. Yo kalkile estatistik yo apati echantiyon pou fè estimasyon oswa enferans sou tout popilasyon an. Kidonk, done a gen maj erè ki pafwa elve, e ki pa egzat.

Gwoup Resansman

Yon gwoup resansman se yon inite jeyografik U.S. Census Bureau itilize ki ant sektè resansman an ak gwoup resansman an. Se yon inite jeyografik ki pi piti ke biwo a pibliye done echantiyon apati ACS la. Jeneralman, Gwoup Blok la gen popilasyon nan 600 pou rive 3,000 moun. Limit Gwoup Blòk Resansman an detemine nan yon patenarya ant gouvènman lokal ak Biwo Resansman an.

Demografik

Demografik yo se done statistik ki gen rapò avèk popilasyon an ak gwoup yo an patikilye ki ladann.

Kay parapò a. Fanmi

Kay ak fanmi se inite debaz analiz nan demografi. Yo pa menm bagay. Yon kay konpoze de youn oswa plizyè moun ki abite nan yon inite lojman. Se pa tout kay ki gen fanmi ladan. Daprè definisyon Biwo Resansman [U.S. Census Bureau], kay fanmi gen ladan de oswa plis moun ki gen lyen pa nesans, maryaj, oswa adopsyon, byenke yo ka gen ladan tou moun ki pa gen lyen fanmi. Kay ki pa gen lyen fanmi gen ladan de moun kap viv poukont yo oswa ki pataje rezidans yo avèk moun ki pa gen lyen fanmi. Pafwa done yo se pi bon reprezantasyon lè yo fè echantiyon nan kay fanmi olye de tout kay yo.

Bon Lojman

Bon lojman yo ede lokatè yo jwenn pri a bon mache. Yon kupon (avèk lajan ki soti nan Eta oswa gouvènman Federal) peye diferans lan ant sa lokatè a ka peye, ak sa mèt kay la mande pou lwaye a. Objektif la sèke lokatè a pa p peye plis pase 30% nan revni l pou lwaye, men peman lwaye a pa ta dwe depase 40% nan revni lokatè a.

Lojman a- Revni Limite

Lojman a- Revni Limite refere a nenpòt pwopriyete kote lwaye oswa pri lavant yo limite pou pwopriyete piblik ak/ oswa akò legal avèk otorite lokal, eta, oswa federal. Nan kèk pwopriyete lokasyon, lokatè a peye yon pousantaj

(jeneralman 30%) nan revni l pou lojman, e gouvènman Eta oswa Federal peye diferans lan ant sa lokatè a peye ak yon maksimòm lwaye otorize. Nan lòt pwopriyete yo, mèt bilding lan, an retou pou fon piblik oswa varyasyon nan zonaj, dakò pou kenbe lwaye yo anba nivo mache a. Nan pwopriyete sa yo, lokatè a peye yon lwaye fiks, sa ki kapab piwo pase 30% nan revni yo.

Medyan parapò a Mwayen / Mwayèn

Medyan lan se valè mwayen nan yon seri done ki klase apati pi piti pou rive nan pi gran. medyan oswa mwayèn se total tout valè yo divize pa kantite valè nan yon seri done.

4 se medyan pou 1, 3, 4, 8, 9; 5 se mwayèn (25 / 5).

Zòn etid ak sektè resansman

Limit PLAN an: Mattapan te detemine pou l respekte kòd Postal (ZIP) Plan amelyorasyon zòn Sèvis Etazini pou Mattapan (02126). Sondaj Kominotè Ameriken 2013-2017 ak done resansman 2000/2010 nan pake sa se rezime sektè resansman seleksyone ki sipèpoze limit katye a. Nan pake sa a, sektè resansman sa yo pral refere kòm Mattapan. Byenke limit sektè resansman an pa koresponn toutafè avèk limit zòn etid la, done ki soti nan sektè resansman an montre modèl demografik ki konsistan avèk divèsite Mattapan antanke yon kominote.

Salè Travayè parapò a. Revni Kay la

Salè travayè yo se ki kantite revni rezidan yo touche nan salè oswa travay endepandan yo. Salè travayè yo diferan de revni kay la; kay la ka gen ladan plizyè travayè kidonk plizyè salè travayè

Demografik

Ras ak Etnisite

Kategori rasyal yo oto-idantifye e yo montre jeneralman yon definisyon sosyal nan rekonèt ras nan peyi sa a. U.S. Census Bureau divize etnisite nan de kategori prensipal, Panyòl ak non-Panyòl. Panyòl yo kapab nenpòt ras, e li pa enkli nan lòt kategori ras yo nan analiz sa a.

Fè rapid

- Popilasyon Panyòl Mattapan te grandi konsiderableman depi 2010, nan 15% nan tout popilasyon an nan 2017.

Popilasyon ki fèt aletranje

Popilasyon ki fèt aletranje a gen ladan nenpòt moun ki pa yon sitwayen Ameriken nan nesans. Sa ki gen ladan moun sila yo ki vin sitwayen Ameriken atravè natiralizasyon.

Fè rapid

- Youn nan twa (33%) pami popilasyon Mattapan fèt aletranje, yon pataj ki pi elve pase Boston nan 28%.
- Nan 2017, 37% pami etranje ki fèt nan Mattapan te fèt ann Ayiti.


Laj

Konprann laj distribisyon yon popilasyon ap ede nou analize fenomèn kap chanje nan katye a epi mete aksan sou posib difikilte sosyal ak ekonomik pou sèten gwoup laj.

Fè rapid


- Apeprè youn nan kat (25%) pami rezidan Mattapan yo anba laj 18 ane.

Ras ak Etnisite 2010, 2017




Sous: US Census Bureau, 2010 Census, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Popilasyon ki fèt aletranje 2017



Sous: US Census Bureau, 2010 Census, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Laj 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Demografik


Estati Andikap Popilasyon an

Estati andikap ede nou konprann kantite moun ki gen difikilte nan lavi chak jou. Estati andikap enfòm sou vilnerablite yon moun pou fè fas avèk chanjman anviwonman an ak pou jwenn aksè nan sèvis yo.

Fè rapid

- Youn sou dis adilt (11%) nan Mattapan gen yon andikap, an konparezon a 7% pami popilasyon Boston an.

Estati Andikap Popilasyon an (age 20-64) 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Revni Fanmi medyan

Konpare revni fanmi medyan ant katye a ak Vil la ap ede nou konprann posib difikilte sosyo ekonomik ak opòtinite sosyo ekonomik nan katye a. Revni fanmi pa enkli kay ki pa gen fanmi (gade definisyon an nan Glosè a).

Fè rapid

- Nan 2017, fanmi medyan nan Mattapan te gen yon revni \$18,000 mwens pase fanmi medyan nan Boston.

Revni Fanmi medyan 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Revni medyan kay la

Revni medyan kay la refere a revni kote mwatye nan kay yo nan zòn lan touche plis ak mwatye touche mwens; sa a gen ladan kay ki gen fanmi ak kay ki pa gen fanmi yo (gade glosè a). Lè nap gade revni medyan kay la sa ka ba nou yon sans sou kondisyon sosyo ekonomik katye a anjeneral an konparezon a katye avwazinan yo ak Vil la.

Fè rapid

- Revni kay medyan nan Mattapan se \$48,000 pa ane.

Revni medyan kay la 2017



nan 2017. Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Demografik


Revni mwayèn Kay la pa ras

Done pou revni mwayèn kay la pèmèt nou konpare revni mwayèn yo baze sou ras oswa etnisite chèf kay la.

Fè rapid

- Kay Afriken Ameriken/Nwa ak Panyòl nan Mattapan touche plis an mwayèn nan Mattapan pase nan rès vil la.

Ingresos promedio del hogar por raza 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Nivo Edikasyon

Nivo edikasyon ki pi elve souvan koresponn avèk revni ki pi wo ak pi bon opòtinite ekonomik. Konpare diferan nivo edikasyon nan diferan popilasyon ap ede nou konprann kijan posib difikilte sosyo ekonomik katye a gen rapò avèk nivo edikasyon an. Yo mezire nivo edikasyon pou moun ki gen laj 25 ane ak pi gran.

Fè rapid

- 17% nan rezidan Mattapan gen yon Bakaloreya oswa yon nivo ki pi elve, konpare a 47% nan Boston.

Nivo Edikasyon 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Kondisyon Povrete

Konprann kondisyon povrete ap ede nou pi byen konprann popilasyon ki pi vilnerab la nan katye a. Si revni total yon kay tonbe anba limit povrete a, yo konsidere tout moun yo nan kay la nan povrete. Limit povrete a se \$19,000 pa ane pou yon fanmi twa moun.

Fè rapid

- Youn nan senk (21%) kay alafwa nan Mattapan ak Boston touche revni ki anba limit povrete.

Kondisyon Povrete 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Lojman

Yo itilize done sou lojman nan katye a pou konprann kondisyon lojman aktyèl yo, pou konprann si wi oswa non lojman aktyèlman a bon mache pou rezidan yo, ak pou enfòmè sou règleman lojman, tankou pwogram asistans finansman lojman. Done ACS yo gen ladan okipasyon, lwaye rezidansyèl,

valè kay, ak fado depans pou lojman. Done anplis gen ladan yon envantè sou lojman a bon mache ki egziste ak resan devlopman rezidansyèl. Apati done sa yo, nou ka pi byen konprann risk depasman ki soti nan lwaye ak pri pou achte kay.


Okipasyon / Pousantaj

Okipasyon defini si yon fanmi lwe oswa achte kay, kondò, oswa apatman.

Fè rapid

- Pousantaj mèt kay ki abite kay la nan Mattapan se 38%, pi elve pase nan vil la antake yon ansanm.
- Pandan dènye 17 ane yo, pousantaj pwopriyetè te rete relativman estab nan Mattapan ak Boston.

Okipasyon / Pousantaj 2000, 2010, 2017



Sous: US Census Bureau, 2000 Census, 2010 Census 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Kay fanmi pa Kalite

Yon kay gen ladan tout moun ki abite nan yon inite lojman kòm kote rezidans abityèl yo. Kay fanmi gen ladan manm yo ki gen lyen pa nesans, maryaj, oswa adopsyon. Konprann kalite kay ap enfòmè w sou kalite sèvis ki nesèsè pou akomode popilasyon zòn nan.

Fè rapid

- 68% nan kay Mattapan yo se fanmi, konpare a 48% nan kay Boston yo.
- Yon tyè nan kay Mattapan yo se fanmi ke yonsèl fi dirije.

Hogares por tipo (Fanmi ak sa ki pa fanmi), 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Lojman

Chèf Kay la dapre laj

Yo deziyen yon mou nan chak kay kòm chèf kay la. Pi souvan, sa se moun, oswa youn nan moun, oswa moun ki posede kay la, te achte, oswa lwe.

Fè rapid

- Mattapan gen yon popilasyon granmoun ki pi elve kòm chèf kay la (23%) konpare a Boston nan 18%.


Pousantaj Okipasyon mèt kay dapre Ras

Inite Lojman mèt kay yo abite se inite lojman kote pwopriyete oswa ko-pwopriyete a abite nan inite a, kèlkeswa kondisyon ipotèk la. Gade nan pousantaj okipasyon pwopriyete kay dapre ras ap ede nou konprann ki ras/gwoup etnik gen plis chans pou deplase si lwaye a ta ogmante twò rapidman. .

Fè rapid


- Chèf kay la nan tout ras gen plis chans pou yo pwopriyete kay nan Mattapan, pase nan Boston antanke yon ansanm.
- Sèlman 19% pami chèf kay Panyòl yo se pwopriyete nan Mattapan.

Chèf Kay la dapre laj 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Pousantaj Okipasyon mèt kay dapre Ras 2017



- Chèf kay la Blan ki pa Panyòl
- Chèf kay la Azyatik
- Chèf kay la Afriken Ameriken / Nwa
- Chèf kay la Panyòl oswa Latino

Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Lojman


Lwaye Brit Mwayèn

ACS kolekte done sou lwaye brit e lokatè yo ki reponn sondaj la te rapòte l. Revni brit yo gen ladan alafwa lwaye ak sèvis piblik epi kouvri tout inite lwaye ki egziste deja yo, sa ki gen ladan lojman a revni limite. Lwaye ki anonse pou inite nan to mache a pral gen chans pou l pi elve.

Fè rapid

- Nan 2017, lwaye mwayèn nan Mattapan te \$1,200, 17% mwen chè pase vil la antanke yon ansanm.
- Lwaye mwayèn brit nan Mattapan te ogmante 15% nan tèm reyèl depi 2000.

Lwaye Brit Mwayèn 2000, 2010, 2017



Sous: US Census Bureau, 2000 Census, 2006-2010 Sondaj Kominotè Ameriken [2006-2010 American Community Survey], 2013-2017 American Community Survey, Analiz sou Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis]


Distribisyon Lwaye Brit chak mwa

Konprann distribisyon lwaye brit ap ede detèmine vilnerabilite anjeneral lokatè yo nan zòn lan.

Fè rapid

- Nan Mattapan, twa sou dis lokatè te rapòte lwaye brit chak mwa yo mwens pase \$1,000, sa ki konparab avèk lokatè yo nan vil la kòm yon ansanm.

Distribisyon Lwaye Brit chak mwa 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Lojman

Pri ak Valè Kay

De fason pou konprann pri kay se pri lavant aktyèl ak pri yo rapòte, estimasyon valè kay dapre ACS. Done sou pri lavant ki soti nan lavant kay ak kondò ki rapòte e li pa enkli tout kay yo. Moun ki reponn nan sondaj ACS la te rapòte valè kay yo e li gen ladan tout kay pwopriyete yo ki te patisipe nan sondaj la abite.

Fè rapid

- 71% kay nan Mattapan estime mwens pase \$400,000 konpare nan 40% pou Vil Boston.
- Apre 1% nan kay yo gen yon estimasyon ki pi elve pase \$750,000 nan Mattapan.


Fado Depans pou Lojman

Fado depans pou lojman mezire pati nan revni kay la ki itilize pou depans lojman, tankou lwaye oswa ipotèk. Dapre Depatman Lojman ak Devlopman Iben nan Etazini [U.S. Department of Housing and Urban Development (HUD)], yon kay konsidere depans pou lojman yon fado lè lap peye plis pase 30% nan revni yo pou depans lojman. Li konsidere kòm yon fado grav lè lap peye plis pase 50% nan revni l pou depans lojman.

Fè rapid


- 36% nan fanmi ki lwe kay yo konsidere kòm yon fado grav konpare a 24% nan Boston. Gen kèk kay ki klase kòm "Non Kalkile" e yo pa enkli nan grafik sa a.

Pri ak Valè Kay 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Fado Depans pou Lojman 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Lojman

Kay revni limite ki egziste deja

Lojman revni limite ki egziste deja bay establiye enpòtan pou fanmi yo ki abite ladan yo aktyèlman, kòm lwaye a pa ka monte rapidman. Fè yon envantè sou lojman a bon mache ki egziste nan Mattapan ak toupre pral ede enfòmè sou pwochen bezwen lojman nan katye a (Gade definisyon lojman a revni limite nan glosè a pou jwenn plis enfòmasyon). Gade kat la nan paj 11 pou w jwenn lokasyon lojman a revni limite yo.

Nan 2017, 1,285 inite lojman nan Mattapan te konsidere kòm lojman a revni limite, konpoze jiska 13% nan tout inite lojman yo nan zòn etid la. Chif sa prevwa pou l grandi kòm nouvo inite devlopman yo ap fin konstwi.

Nouvo devlopman lojman nan Mattapan


Nan zòn Mattapan lan, te gen twa pwojè devlopman ki te fini, nan konstriksyon, oswa apwouve avèk yon kantite inite enpòtan: devlopman Cote Ford (76 inite apwouve), Estasyon Mattapan (135 inite apwouve), ak 150 River Street (30 inite, ki anba revizyon). Pwojè sa yo pral kreye 167 inite a revni limite anplis. Gade kat ki nan paj 12 la pou w jwenn adrès yo.

Aprè achèvmman pwojè sa yo ak yon kantite lòt ti pwojè, kantite inite lojman pral ogmante nan 9%, ak 15% nan nouvo inite lojman yo pral lojman a revni limite.

Nouvo devlopman lojman nan Mattapan

	Sa ki egziste deja (2017)	Nouvo: Fini oswa nan Konstriksyon	Nouvo: Sou Revizyon oswa Apwouve	KantiteTotal Inite ki Pwojete (Nouvo + sa ki egziste deja)	Pousantaj chanjman parapò a lojman revni
limite ki egziste deja	1.285	68	230	1.583	23%
To Mache	8.353	172	390	8.915	7%
Inite Total	9.638	240	620	10.498	9%
Pousantaj Revni Limite	13%	28%	37%	15%	

Sous: Envantè Lojman a revni limite (nan dat 12/31/18), Depatman Devlopman Katye; Sondaj Kominotè Ameriken nan 2017 5-Ane Estimasyon (Tablo B25118); HUD Done sou Koupon Chwa Lojman [HUD Housing Choice Voucher data] (mizajou Desann 2017)



Figi 2: Kat Inite lojman revni limite ki egziste deja nan ak ozanviwon Mattapan.
 Biwo BPDA GIS ak Katografi Dijital te kreye Kat la:
 Sous: DND. Done nan dat 1/1/2019




Fig 3: Kat Nouvo Devlopman Lojman ak sa ki Pwopoze depi 2010, sa ki gen ladan Atik 80 Pwojè ak ti pwojè ki pi piti (mwens pase 15 inite). Biwo BPDA GIS ak Katografi Dijital te kreye Kat la:

Risk deplasman

akoz lwaye kap monte ak risk sezi ipotèk

San yon evalyasyon sou sikonstans kay moun nan, li difisil pou di egzakteman konbyen fanmi ki gen risk pou deplasman si lwaye oswa depans kay la ta monte. Nou ka gade pito nan kèk endikatè kle: done sou kay yo aktyèlman reprezante yon fado nan pri, done sou revni, ak yon evalyasyon sou ki kantite pwopriyetè, ki posede koupon, oswa kap viv nan kay revni limite.

Nivo Risk pou Deplasman

Gen twa kategori risk pou deplasman akòz ogmantasyon lwaye ak risk pou sezi ipotèk yo se:

- Riesgo bajo
- Riesgo moderado
- Riesgo elevado

Pwopriyetè Kay

Byenke posede yon kay bay plis estabilite pou fanmi an paske yo pa peye lwaye, pwopriyetè kay yo ki touche mwens pase \$50,000 gen yon risk ki pi elve pou sezi ipotèk. Youn sou twa (33%) mèt kay tonbe nan kategori risk elve sa a (12% nan tout fanmi yo).

Lokatè ki nan Lojman a to Mache a


55% nan lokatè yo ap viv nan lojman a to mache e yo gen risk modere ak elve pou deplasman akòz lwaye kap monte. Lokatè yo ki touche mwens pase \$75,000 e kap viv nan yon inite a to mache gen yon risk ki pi elve pou depase si lwaye a monte twòp. Apeprè kat sou dis (39%) lokatè nan Mattapan nan kategori risk elve sa a.

Lokatè yo kap viv nan lojman revni limite e ki gen koupon lwaye

Moun ki gen koupon lwaye yo yon ti jan pwoteje men paske lwaye yo ka monte tou, yo konsidere a risk modere pou deplase. Apeprè de sou dis (22%) lokatè gen koupon lojman. Lokatè yo ki nan lojman a revni limite gen mwens risk pou deplase akòz pri lojman kap monte paske lwaye yo etabli pa yon pousantaj nan revni yo oswa yon kantite lajan fiks. Preske youn sou kat (23%) lokatè ap viv nan lojman revni limite.


Pwopriyetè Kay - 3,356

Estimasyon yo te òganize pa endikatè kle nan risk pou deplasman



Lokatè - 5,510

Estimasyon yo te òganize pa endikatè kle nan risk pou deplasman



Sous: Envantè Lojman a revni limite (nan dat 12/31/18), Depatman Devlopman Lojman, Sondaj Kominotè Ameriken 2017 5-Ane Estimasyon (Tablo B25118); HUD Done sou Koupon Chwa Lojman [HUD Housing Choice Voucher data] (mizajou Desanm 2017)

Travay

Nan seksyon sa a, yo pral divize travay nan de kategori. Premye kategori a pral diskite karakteristik travay rezidan yo, moun kap viv nan Mattapan men ki pa travay nan menm zòn lan. Dezyèm pati seksyon sa a pral diskite sou diferan travay nan Mattapan ak moun kap travay nan djòb sa yo.

Sistèm Klasifikasyon Okipasyon Estanda idantifye gwo kategori sou kalite travay moun yo ap fè. Pa egzanp, kategori okipasyonèl "Sèvis" ta gen ladan nenpòt moun kap travay nan sipò Swen sante, Sèvis Pwoteksyon, Preparasyon ak sèvis manje, Netwayaj Bilding ak Teren, ak Swen pèsònèl.

Travayè yo ki abite nan Mattapan

Done ki annaprè yo reprezante sèlman moun sila yo kap viv nan Mattapan men ki travay lòt kote


Travayè rezidan pa Okipasyon

Konprann divèsite mendèv kap viv nan Mattapan enfòmè nou sou gwo motè ekonomik katye a. Sondaj Kominotè Ameriken an klase okipasyon rezidan yo.

Fè rapid

- Nan 2017, 30% nan rezidan ki travay nan Mattapan te anboche nan sektè Sèvis la, konpare a 21% nan Boston.

Senk premye Pwofesyon rezidan travayè 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Travayè rezidan pa Salè

Travayè salè yo di nou apeprè ki kantite revni rezidan yo touche nan salè oswa travay otònòm. Salè travayè yo diferan de revni fanmi an; kay la ka gen ladan plizyè travayè.

Fè rapid

- Rezidan Mattapan ki travay ki gen yon salè medyan se apeprè \$30,000 pa ane

Travayè rezidan pa Salè 2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]

Travay


Patisipasyon Popilasyon aktif pa Ras/Etnisite

Kategori sa a gade sou konpozisyon rasyal travayè yo kap viv nan Mattapan. Done ras la baze sou oto-idantifikasyon. Panyòl yo kapab nenpòt ras e yo rapòte separeman. Done sa yo prezante pataj laj rezidan 16 ane ak pi gran kap travay oswa kap chèche travay

Fè rapid

- Rezidan Mattapan yo gen to patisipasyon elve parapò a vil la antanke yon ansanm.

Patisipasyon Popilasyon aktif pa Ras/Etnisite 2013-2017



Sous: US Census Bureau, 2013-2017 Sondaj Kominotè Ameriken [American Community Survey], Analiz Divizyon Rechèch BPDA [Research Division Analysis]


Ki kote rezidan Mattapan yo travay

Done sa yo montre modèl transpò moun ki abite Mattapan pou konprann kote yo jwenn opòtinite travay.

Fè rapid

- Sèlman 2% nan rezidan travayè Mattapan yo ap travay nan katye a, e 34% nan rezidan Mattapan yo ap travay andeyò Boston.

Lokal travay pou rezidan Mattapan avèk travay pewòl 2017



Sous: U.S. Census Bureau, Sou Kat Aplikasyon an ak Estatistik Travay Orijin-Destinasyon LEHD, Analiz Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis] (Apati Trimès Travay la, 2yèm Trimès nan 2015)

Travay

Travay nan Mattapan

Done ki annaprè yo reprezante sèlman moun sila yo ki travay nan Mattapan men yo ka abite yon lòt kote.

Sistèm Klasifikasyon Endistri nan Amerik di Nò klase nan fason jeneral antrepriz yo an endistri pou rezon enfòmasyon. Pa egzanp,

Travay pa sektè aktivite

Konprann ki sektè travay ki nan Mattapan ap ede nou pi byen konprann pwen fò ekonomi lokal la ki egziste deja.

Fè rapid

- Gen 2,548 travay pewòl ki lokalize nan Mattapan.
- Plis pase mwatye nan djòb pewòl nan Mattapan yo nan Asistans Sosyal ak Swen Sante (32%) ak Komès andetay (24%).

Travay pa salè chak mwa


Travay pa salè di nou ki kantite lajan travay nan Mattapan peye travayè yo. Remake tout done sa yo enkli alafwa travay apentan ak atan pasyèl.

Fè rapid

- Apeprè 36% travay yo nan Mattapan peye plis pase \$3,333 pa mwa, konpare nan 68% travay nan Boston.


endistri “Swen Sante ak Asistans Sosyal” gen ladan Lopital yo, Klinik Dantis, Laboratwa Medikal, Sèvis Gadri Timoun, ak Sèvis soulajman, pami lòt bagay. Enfòmasyon sa a bay yon apèsi sou kalite travay ki aktyèlman disponib nan Mattapan.

Senk Endistri Prensipal nan Mattapan 2015



Sous: U.S. Census Bureau, Sou Kat Aplikasyon an ak Estatistik Travay Orijin-Destinasyon LEHD, Analiz Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis] (Apati Trimès Travay la, 2yèm Trimès nan 2015)

Travay pa salè chak mwa 2015



Sous: U.S. Census Bureau, Sou Kat Aplikasyon an ak Estatistik Travay Orijin-Destinasyon LEHD, Analiz Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis] (Apati Trimès Travay la, 2yèm Trimès nan 2015)

Travay


Travay daprè Ras Travayè

Travay daprè Ras Travayè a enfòm sou konpozisyon rasyal anplwaye yo kap travay nan Mattapan.

Fè rapid

- 62% nan travayè pewòl nan Mattapan se Blan ak 29% se Afriken Ameriken/Nwa.

Travayè Pewòl daprè ras nan Mattapan 2015



Done sa yo gen ladan 13% ladan yo ki idantifye kòm Panyòl.

Sous: U.S. Census Bureau, Sou Kat Aplikasyon an ak Estatistik Travay Orijin-Destinasyon LEHD, Analiz Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis] (Apati Trimès Travay la, 2yèm Trimès nan 2015)

Travay daprè Nivo Edikasyon


Travayè a

Kategori sa a ba nou enfòmasyon sou nivo edikasyon travayè yo ki anboche nan Mattapan te atenn. Remake ke done sa yo gen ladan yo sèlman travayè ki gen laj 30 ane oswa pi gran.

Fè rapid

- Apeprè youn nan twa (30%) travayè pewòl nan Mattapan gen yon lisans oswa yon edikasyon pi elve.

Trabajos por nivel educativo de los trabajadores 2015



Sous: U.S. Census Bureau, Sou Kat Aplikasyon an ak Estatistik Travay Orijin-Destinasyon LEHD, Analiz Divizyon Rechèch BPDA [BPDA Research Division Analysis] (Apati Trimès Travay la, 2yèm Trimès nan 2015)




Fig 4: Kat Teren Piblik yo
 Kat la te kreye pa: Biwo BPDA GIS ak Katografi Dijital Sous: Depatman Evalyasyon Boston